

KONNEN DWA W

KI SA POU W FE SI W KWAZE AVEK ICE?



1. PA LOUVRI POT KAY LA

Rété trankil. Pozé. Ajan imigrasyon yo pa gen dwa rantré lakay ou, nan machin ou, **oswa nan okènn zon privé nan travay ou si yo pa gen yon manda ki gen siyati yon jij, épi ki genyen non w ak adres ou.** San ou pa louvri pot la, mandé ajan imigrasyon yo si yo gen yon manda arestasyon; **épi mandé yo pou yo glisé papyé a anba pòt la, oswa montré li nan vit fenèt kay la pou w ka wè li.**



2. FÈ SILANS

Pa réponn kesyon sou stati imigran w épi sou koté w soti. Di yo ou gen dwa pou w pa palé jiskaské ou konsilté avoka w. Si w kwazé ak ajan imigrasyon oswa si w ap palé avèk yo, reponn konsa :

"M ap ekzèsé dwa m pou m fè silans anba 5èm amandman an"

(I exercise my right to remain silent under the 5th amendment)



3. PA KOURI PA FÈ REZISTANS SI YO ARETE W

Si w nan yon lyé piblik oswa ou nan machin, **rété trankil, pa fè tapaj.** Kouri oswa goumen pou yo pa arété w ap agravé sityasyon w epi kapab mété w an danjé.



4. PA SIYEN OKÈNN PAPYÉ

Pa siyen anyen – ni fòm oswa lòt dokiman ajan imigrasyon yo ba ou – anvan ou palé ak yon avoka.



5. PA BAY MANTI

ICE avèk lapolis kapab ba ou manti pou yo jwenn enfomasyon é lawa pèmèt yo fè sa. Ou pa dwé bay manti oswa bay enfomasyon ki pa korèk. Rét trankil! Pa diskité, jouré, oswa ataké pèsonn. Li pi bon si w pa palé olyé pou ou al fè manti sou stati imigran w.



6. KOLEKTÉ É SÉRÉ TOUT ENFOMASYON

Enrèjistré, ékri, oswa pran foto tout détay ki empotan tankou niméwo badj, non, ak idantité ofisyé yo, ki koté é a ki lè ou té kwazé ak yo. Pa patajé okenn enfomasyon tou tan ou pa vérifyé ké yo sé vérité, konsa w ap évité panik oswa fè sikilé mové enfomasyon.



7. PLANIFYÉ

Yon plan dijans ak bon jan dokiman tou paré sé yon bagay ki empotan lè gen problem. Si yo arété yon manb fanmi an, **chèché yon bon avoka.** Konnen dwa w épi patajé bon jan enfomasyon nan kominoté w la.



ACIJ

Alabama Coalition for Immigrant Justice

(205) 945-0777

info@acij.net

www.acij.org